


THIEYTOUL SA BOPOU BOUDÉ AMNGA VIH



gt grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

SUBVENCIÓN

GOBIERNO DE ESPAÑA
MINISTERIO DE SANIDAD, SERVICIOS SOCIALES E IGUALDAD

MINISTERIO DE SANIDAD, CONSUMO Y BIENESTAR SOCIAL

SECRETARÍA GENERAL DE SANIDAD Y CONSUMO
DIRECCIÓN GENERAL DE SALUD PÚBLICA, CALIDAD E INNOVACIÓN
SECRETARÍA GENERAL NACIONAL SOBRE EL SIDA

POR SOLIDARIDAD
OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL

Generalitat de Catalunya
Agència de Salut Pública de Catalunya

Generalitat de Catalunya
Departament de Justícia

Ajuntament de Barcelona
ÀREA DE QUALITAT DE VIDA, IGUALTAT I ESPORTS

Diputació Barcelona
ÀREA DE BENESTAR SOCIAL

COL·LABORA

ETIS
EQUIP DE TREBALL SOBRE IMMIGRACIÓ I SALUT

TROPICAL DRAGONES

Thiaytoul sa bopou boudé amnga VIH dioumtouwaye la bouye khole soldar yi lay ar si VIH. Meunga ko dieufeudiko si sa bir keur.

Fi si Espagne meunga diot si dioumtouwaye simple te diar dara pour thiaytoul VIH si keouro doctor you barri ak keuri ndadjé. Wanté nak, nit gnou barri beugue nanou thiaytoul diangorodji si soutora sen keur.

Pour defko, meunga dieunde liguaye thiayto diangorodji ak sa bop manane doctor bindeulouko si keouro diaye garabes bo déme wala si internet si keur bouye diaye garabe si yone wowou.

Resultat wou thiaytoul sa bop boudé amnga diangoro VIH worna boudé défna niaty (3) wérs binga seyé té dieufeudiko khawass.

Boudé défna lou néw niaty (3) wére binga seyé té solo khawass, meuna amné resulta bi boudé guissoul dara né bakhoul. Danou laye diguale nga khar bamou meute niaty (3) wer nga déme si kheouro doctor you khollako wate.

Thiaytoul kayou sa bop diangoro VIH dafa nék si ben mbouss bou ande ak ben lougnouye diamé sa baramé, bene mouchoir pour rakhass sa baramé ak béne keyite bo khamné thi ngaye déf béne tokh déréte ak yénéne diotouwayes pour yombal diardiar bi.

Bo khassé dougal tok déréte bi si keyite bignou koye sayto, war nga khar fouki minutes ak diourom (15) pour meuna diangate resulta bi. Tamou wouye thi khar lou eupe niar fouki (20) minutes

C Thiaytoul bi daye diokhé resulta bou nékha khamé
T si ay reude youyes fégne, meuna nék béne wala niar. Boudé béne reude khéssé mome nga guiss temou reuye. Resulta bi dafa né amo diangorodji, moye dafa negatif.

C Boudé reude bou reuye bi dafa fégne ande ak reude
T bou ndaw bi moy danga am domou diangoro dji si sa yaram, resulta bi dafa positif.

C Boudé guisso béne reude, keyite bi dafa wekhe tal,
T lo lou moy resulta bi bakhoule, sa bokho méne défate ko si noumou meuna guawé.

Boudé resulta bi dafa positif, amnga domou diangoro VIH si sa yaram. Amna sola torop nga déme keur doctor pour gnou thiaytoul la wate sa yarame pour deugueule né domou diangorodji mi ngui si sa yarame wala dét.

Doudé danga beugue khamé lou beury si nane lanouye thiayto diangoro VIH pour sa bop, meune nga woté si numero telefone bi 900 102 833. Gniye ligueye si kheur gui di déglou si am domou diangorodji, tignénanou séne lamaye, amnanou soutoureu té dothi faye dara.



¿TIENES DUDAS
SOBRE EL TEMA?
PREGÚNTANOS

Tel. 93 458 26 41
consultas@gtt-vih.org